

Kisa Medicare ye ?



This is an Official U.S. Government Product

Medicare se yon asirans sante pou sa ki annapre yo :

- Moun ki gen omwens 65kan
- Moun ki gen mwens pase 65kan ki gen sèten andikap
- Moun ki gen nenpòt ki laj ki gen Ensifizans Renal Kwonik nan Stad Final (IRSU) (ensifizans ren pèmanan ki bezwen dyaliz oswa transplantasyon renal)

Divès pati nan Medicare

Divès pati Medicare yo ede peye pou sèvis espesifik sila yo :

Medicare Pati A (Asirans lopital)

- Ede peye pou swen pasyan entèn nan lopital yo, nan etablisman swen enfimye kalifye, nan ospis ak swen sante yo bay lakay.
- Pifò moun yo pa bezwen peye yon prim pou Medicare Pati A poutèt oumenm oswa konjwen ou peye taks pou Medicare pandan yo t ap travay Ozetazini. Si w pa resevwa otomatikman Pati A ak prim ki gratis, ou gendwa kapab enskri tèt ou, e peye yon prim.

Medicare Pati B (Asirans medikal)

- Ede peye sèvis doktè ak lòt founisè swen sante, swen pasyan ki ekstèn, ekipman medikal dirab, ak swen sante yo bay lakay.
- Ede peye pou sèten sèvis preventif.
- Pifò moun peye prim estanda mansyèl pou Medicare Pati B.

Nòt: Petèt w ap pito vle pran asirans ki kouvri tout sa plan Original Medicare la pa kouvri. Ou gen dwa chwazi achte yon kontra Asirans Siplemen Medicare (Medigap) nan men yon konpayi prive.

Medicare Pati C (yo konn rele tou Medicare Advantage)

- Li ofri opsyon plan sante konpayi asirans prive jere; Medicare apwouve konpayi sa yo. Plan MedicareAdvantage se yon fason pou jwenn benefis ak sèvis Pati A ak Pati B kouvri. Pifò Plan Medicare Advantage yo peye pou medikaman Medicare sou preskripsiyan (Pati D).
- Sèten Plan Medicare Advantage gendwa gen ladann benefis adisyonèl si w peye yon lajan anplis.

Medicare Pati D (Kouvèti pou medikaman sou preskripsiyan Medicare)

- Ede peye pou pri medikaman sou preskripsiyan
- Li gendwa ede redui depans pou medikaman sou preskripsiyan ou e anpeche pri ki pi elve
- Se konpayi asirans prive Medicare apwouve ki jere li
- Pri ak benefis yo varye selon chak plan.

Nòt : Gen asistans ki disponib. Si w gen revni ak resous ki limite, ou gendwa kalifye pou asistans pou ede w peye bil swen sante Medicare e/oswa depans pou medikaman sou preskripsiyan ou yo. Si w bezwen plis enfòmasyon, al gade nan www.socialsecurity.gov, rele Sekirite sosyal nan 1-800-772-1213, oswa aplike pou kapab jwenn asistans nan biwo Asistans Medikal Eta (Medicaid) a.

Si w gen kesyon osijè Medicare, al gade nan www.medicare.gov, oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè ki malantandan yo ta dwe rele 1-877-486-2048.

Kisa Medicare YE ?

Medicaid se yon asirans ki disponib pou sèten moun ak fanmi ki gen revni ak resous ki limite. Règ pou konte revni ak resous ou yo (tankou kont bankè oswa lòt bagay yo gendwa vann pou jwenn kach) depann nan ki Eta ou ye. Elijibilite gendwa depann tou sou laj ou ak si w ansent, si w avèg oswa si ou gen lòt andikap, e si w se yon sitwayen ameriken. Sèten imigran legal gendwa elijib tou. Si Medicaid kouvri travay ak akouchman yon fanm pou tibebe li, pitit lan gendwa kouvri pandan jiska 1 lane san ou pa bezwen aplike.

Menmsi ou pa konnen si w kalifye, si revni w limite, e si oumenm oswa yon moun nan fanmi w bezwen swen sante, ou ta dwe aplike pou Medicaid e mande yon administratè dosye ki kalifye nan Eta w pou li analize sityasyon ou.

Moun ki gen Medicaid ki andikape oswa ki granmoun gendwa jwenn asirans pou sèvis tankou swen nan mezon retrèt oswa sèvis nan kay ak sèvis yo bay nan kominate a. Anfonksyon règ Eta w, yo gendwa mande w peye yon ti pati nan chaj la (kopeman) pou sèten sèvis medikal. Si w kalifye pou ni Medicare ni Medicaid, asirans lan pral peye pou pifò depans sante w yo, ikonpri medikaman sou preskripsyon yo.

Èske ou gen timoun oswa pitt-pitit ki bezwen asirans sante ? **Pwogram Asirans Sante pou Timoun (CHIP)** bay aksè pou jwenn kontra asirans sante ki ekonomik pou timoun ki nan fanmi ki touche twòp lajan pou kalifye pou Medicaid, men ki pa gen ase revni pou achte asirans sante prive.

An jeneral, timoun ki nan fiami ki gen revni ki atenn jiska \$44,700 pa ane (pou yon fanmi 4 moun) gen anpil chans pou yo elijib pou jwenn kontra asirans sante ki ekonomik ki peye pou vizit kay doktè, swen dantè, medikaman sou preskripsiyan, sejou lopital, ak anpil lòt bagay. Nan anpil Eta, fanmi yo gendwa gen yon revni ki pi elve e timoun yo gendwa kalifye toujou. Fanm ki ansent ansanm ak lòt adilt gendwa elijib pou jwenn asirans. Chak Eta gen pwòp pwogram li, ak pwòp kondisyon elijibilite li. Al gade nan www.insurekidsnow.gov, oswa rele 1-877-KIDS-NOW (1-877-543-7669) pou kapab jwenn plis enfòmasyon osijè CHIP.

Si w gen kesyon osijè Medicaid (pou kapab chèche konnen si w kalifye oswa pou enskri tèt ou), ou gendwa rele biwo Asistans Medikal Eta (Medicaid) a pou kapab jwenn plis enfòmasyon. Al gade nan www.medicare.gov/contacts oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou kapab jwenn nimewo telfòn lan. Itilizatè ki malantandan ta dwe rele nan 1-877-486-2048.



Produi nimewo 11306-HC (Haitian Creole)
Revize nan mwa septanm 2011